# ORTA AZIYA AYMAǴÍNÍŃ ORTA ÁSIRLERDE GEOGRAFIYALÍQ RAWAJLANÍW TARIYXÍ

**Jaksimuratov Azamat Bekmurat uli**
*Ájiniyaz atındaǵı NMPI Geografiya hám ekonomikalıq bilim tiykarları bakalavr tálim baǵdarı 3-kurs studenti,*
*Kegeyli rayonı 10-sanlı ulıwma orta bilim beriw mektebiniń geografiya hám ekonomikalıq bilim tiykarları páni oqıtıwshısı*

**Iskenderov Alisher Bazarbaevich**
*Ilimiy basshı, Ájiniyaz atındaǵı NMPI Geografiya oqıtıw metodikası kafedrası úlken oqıtıwshısı*

**DOI: https://doi.org/10.5281/zenodo.15169390**

Orta Aziya geografiyalıq jaylasqan ornınıń qolaylıǵı, tábiyiy sharayatı hám bay tariyxıy miyrasları menen keskin ajralıp turadı. Úyrenilip atırǵan aymaq áyyemgi dáwirden túrli civilizaciyalar kelispesinde jaylasqan bolǵanlıqtan geografiyalıq bilimlerdiń rawajlanıwına úlken tásir kórsetken. Geografiyalıq pikirlerdiń qáliplesiwi hám rawajlanıwı procesi regionnıń sociallıq-ekonomikalıq, siyasiy hám mádeniy turmısı menen bekkem baylanıslı bolıp, hár bir dáwirde jańa ilimiy kóz-qaraslar, izertlewler hámde kartografiyalıq jumıslar payda bolǵan.

Ózbekstanda xızmet kórsetken ilim ǵayratkeri, geografiya ilimleri doktorı, professor Hamidulla Hasanov pútkil Orta geografiyasın hár tárepleme úyrengen alım. Onıń Orta Aziya toponimikası, jáhán tábiyiy geografiyası haqqındaǵı ilimiy miynetlerileri bizge málim. Hátte miynetleri ózge tillerge awdarmalanǵan. Orta ásirlerde (V-XVII ásirler) úlkemizde ullı geograf ilimpazlardıń pútkil bir áwladı jetilisip shıqqan. Orta Aziya aymaqlarınan Muhammad Xorezmiy, Abu Rayxan Beruniy, Ibn Sino, Maxmud Qashqarıy, Mırza Ulluǵbek sıyaqlı ullı geograflardıń ilimiy jumısların úyrengen hám olardıń ilmiy áhmiyetin ashıp bergen H.Hasanovtıń izertlegen Orta Aziyalı geograflar Muhammad Muso Xorezmiy hám Abu Rayhon Beruniydiń geografiya ilimine qosqan úleslerine toqtalıq ótemiz.

Abu Jafar (Abu Abdullah) Muhammad ibn Muso al Xorezmiy arab geografiyasınıń tiykarın salıwshı, "Bayt ul-hikama" (Danıshpanlar úyi)nıń jetekshisi, geografiya tariyxında dáslepki márte Tınısh okeanı haqqında maǵlıwmat bergen alım. Xorezmiydiń "Surat ul-arz" shıǵarması grek alımı Ptolomeydiń "Geografiya" shıǵarmasınıń arab tilindegi awdarması esaplanadı. Usı shıǵarmada tómendegiler súwretlengen: bir neshe qala, awıl, tawlar, teńiz hám dáryalar. Usınıń menen birge bul shıǵarmada "Batıs sırtqı teńiz", "Qulzum teńizi" hám "Jasıl teńiz" sıyaqlı gidrologiyaǵa tiyisli termin atamaları kórsetilgen. Shıǵarmada dáryalardıń klimat boyınsha jaylasıwı haqqında túsinik beriledi hám olardıń geografiyalıq koordinataları

anıqlanadı, shıǵarmada jámi bolıp 537 (sonnan 203i taw atları) orınnıń atamaları keltirilgen.

Xorezmiydiń astronomiyaǵa tiyisli "Zij" shıǵarmasında Quyash, Jer hám planetalardıń háreketlerin, atap ótilgenindey, bul shıǵarmada geografiyalıq noqatlardı tabıw qaǵıydasın islep shıqqan. Xorezmiydiń "Zij" orta ásirlerde geografiyanıń rawajlanıwına úlken úles qostı dep ayta alamız. "Zij" shıǵarması 37 baptan quralǵan hám shıǵarma Batıs hám Shıǵıs astronomiyasınıń rawajlanıwın kórsetip bergen "Altın ayna" wazıypasın atqardı [2, 3].

Xorezmiy bas meridian sıpatında Hindstannıń Arin qalasınan ótken meridiandı tańlaydı hám bul haqqında 1410-jılı Ayyalı Petr óziniń "Jer súwreti" atlı shıǵarmasın jazǵan. Bunnan tısqarı, basqa evropalı ilimpazlar bul ideyanı qollap-quwatlaydı. Xorezmiy ómirinde hám ilmiy jolında Baǵdad qalasında Xorun ar-Rashid tárepinen dúzilgen ilimpazlar akademiyası – "Bayt ul-hikma"da úlken orındı iyeleydi. Akademiyda ol óz átirapında 70 ten artıq ilimpazlardı jıynap jáhán kartasın dúzgen hám bul kartanı "Mamun dúnya kartası" dep ataydı. Xorezmiy bul ilim dárgáyiniń qasında eki ovservatoriya qurdıradı. Bular: 828-jılı Baǵdadta hám 831-jılı Kasiyun tawında. Xorezmiydiń islegen ayrıqsha ilimiy jumısların jáhán ilimpazlarınan shıǵıstı izertlewshi K.Nadillu: "Evropadagi hesh bir xalıq Al-Xorezmiy erisken tabısqa jetiwine hám bahalı dóretpe jaratılıwma uqıplı emes", - dep táriypleydi [1, 6].

Abu Rayxan Beruniy Orta Aziya geografiyasına úlken úles qosqan alım. Beruniy bir neshe orınlardıń geografiyalıq koordinatasın anıqlaǵan, geografiyaǵa tiyisli bir neshe shıǵarmalar dóretken hám kartalar sızǵan, Orta Aziya klimatı, Jer planetası hám onıń háreketi haqqında óziniń qımbatlı pikirlerin bildirgen alım. Beruniy jer meridianınıń 1° li oǵı 111,8 kmga teń ekenligin anıqlaydı. Ol 150 den artıq shıǵarmalar jazǵan, olardan 12 si geografiya hám geologiya ilimlerine tiyisli. Bul shıǵarmalar: "Hindstan", "Minerologiya", "Osori boqiya", "Geodeziya", "Qonuni Masudiy", "Saydana", "At-Tafhim" hám basqalar. Beruniy XI ásirdiń 40-jılları "Minerologiya" (arabsha «Kitob al-Jomahir fi ma'rifat al javohir») shıǵarmasın jazdı. Shıǵarmada minerallar, olardıń fizikalıq qásiyetleri hám quramı haqqında ájayıp pikirler keltirilgen. Beruniy Hindstanǵa sayaxat etken hám hindlerdiń tariyxı, tili, diniy isenimi hám mádeniyatı sáwlelengen «Hindstan» shıǵarmasın jazadı. Beruniy bir neshe orın hám aymaqlardıń geografiyalıq koordinatalarınıń anıqlaǵanlıǵın "Hindstan", «Qonuni Masudiy» (603 orınnıń koordinatasın) hám "Saydana" (400 dan artıq orınnıń koordinatasın) shıǵarmalarında keltirip ótedi. Beruniy óz bilim hám kónlikpelerine súyene otırıp, Jerdiń modeli esaplanǵan globustı Aziyalıq ilimpazlar ishinde birinshi bolıp islep shıǵadı. Beruniydiń jasaǵan globustıń diametri 5 m bolǵan [1, 5, 6].

Juwmaqlap aytqanda, Orta Aziyalı ilimpazlar Xorezmiy hám Beruniydiń miynetlerin renessans (oyanıw) sıpatında tán alınǵanlıǵın, dúnyalıq áhmiyetke iye ekenligin XXI ásirdede ele tereń úyreniwdi talap etedi.

Orta Aziyalı ilimpazlardıń ilimiy miynetlerin úyreniw arqalı Ózbekstanda "Úshinshi renassans"tıń baslanıwına keń imkaniyatlar ashıp beredi.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar**

1. Alimqulov N., Safarova N., Amanbaeva Z., Mo'minov D. Geografiya. T.: Info Capital Group. 2019. 240 b.
2. Gadoev K., Berdieva S. Jahongashta sayoh-olimlar. T.: O'zbekiston, 2011. 136 b.
3. Hasonov H. O'rta Osiyolik geograf va sayohotchilar. T.: O'zbekiston, 1964. 252 b.
4. Iskenderov, A. B. (2023). ulı Jaksimuratov AB ANTIK DÁWIRDE ÁMIWDÁRYANÍŃ GEOGRAFIYALÍQ IZERTLENIW TARIYXÍ. *Educational Research in Universal Sciences*, *2*(6), 221-224.
5. Jaqsımuratov A. B. ORTA AZIYA AYMAǴINDA ORTA ÀSİRLERDE GEOGRAFİYANIŃ RAWAJLANIWI //INTERNATIONAL CONFERENCES. – 2023. – T. 1. – №. 2. – C. 838-841.
6. Uzakbaev K.K., Jaksimuratov A.B. QORAQALPOG'ISTON GEOGRAFIYASINI O'RGANISHDA XORAZMIY VA BERUNIYNING GEOGRAFIK ILMIY MEROSLARINING AHAMIYATI //Aniq va tabiiy fanlarni masofaviy o'qitishning dolzarb masalalari.–2023. – C. 11-3084.
7. Uzakbaev, K. K., Uzbekistan, K., & Nukus Baltabaev, O. O. (2023). GEOGRAPHICAL BACKGROUND OF ARAL GEO-ECOLOGICAL DISASTER. *Доктор экономических наук, профессор ЮВ Федорова Доктор философии педагогических наук (PhD), доцент, Мухаммадиев КБ Доктор социологических наук, доцент ТВ Смирнова*, 3.
8. Баллиева, Р., & Искендеров, А. Б. (2002). Значение топонимии для изучения природопользования Приаралья в XIX и началеXXвв. *Аспирант и Соискатель М*, *3*, 29-30.
9. Раджапов, М. Я., Умаров, Е. К., & Искендеров, А. Б. Қорақалпоғистон ҳудудининг географик ўрганилиш тарихи. *Ўзбекистон география жамияти ахбороти*, *22*, 74-76.
10. Умаров, Е. К., Искендеров, А. Б., Раджапов, М. Я., & Айтуганова, А. К. Қорақалпоғистон Республикаси халқ хўжалигини ҳудудий такомиллаштириш муаммолари. *Ўзбекистон География жамияти ахбороти*, *22*, 57-59.
11. Radjapov M. et al. Qoraqalpogiston hududining tabiati va tabiiy boyliklarining geografik organilish tarixi //in Library. – 2021. – T. 21. – №. 4. – C. 56-57.
12. https://arboblar.uz.
13. https://oyina.uz
14. https://saviya.uz